

## **Kesyon yo poze souvan**

### ***Ø M vle kite kay la poum soti nan sityasyon vyolans sa a, men m pa gen okenn kote pou m ale?***

Gen moun ki kapab ede w. Ou kapab ale nan yon kay espesyal ki rele ebèjman, kote wap jwenn yon kote gratis e ki gen sekirite pou wou ak pitit ou (lòjman, manje, chofaj, eks). Wap jwenn sipò, ankourajman, epi yap akonpaye w nan tout demach ou gen pou fè (bò kote lajistis, doktè, ak biwo gouvènman an).

Wap resevwa tout sèvis sa yo san lòt moun pa konnen. Anpil fwa, wap jwenn sèvis sa yo nan lang fwanse, anglè, oubyen avèk yon moun ki pale lang pa w ki pral tradi pou ou. Nou resevwa timoun ki genyen ant 0 ak 18 an. Men si yon timoun gen plis pase 18 an, li posib pou l rete avèk ou. Wap preske toujou gen yon chanm pou ou ak pitit ou epi wap pataje avèk lòt medam ebèje yo, tout kote tout moun sèvi tankou kizin, twalèt, salon, eks. Ou gen dwa rete pandan kèk jou oubyen pandan kèk mwa nan kay ebèjman an. Apre tan sa a, entèvenant yo kapab ede w chèche yon lòt kay kote ou ka rete.

### ***Ø M vle denonse sityasyon map viv la bay lapolis. Sak pral rive?***

Pou w denonse sityasyon w bay lapolis, konpoze 911 oubyen ale nan yonn nan 32 pòs polis ki nan katye yo ( [www.spvm.qc.ca](http://www.spvm.qc.ca))

Polisye yo ap pran dispozisyon pou yo fè sityasyon vyolans wap viv la sispann, epi pou bay ou menm ak pitit ou sekirite.

Nan tout sityasyon kote polisye yo gen prèw w ap sibi vyolans ak zak kriminel tankou bay kou, fè menas, frape ak zam, oblije w fè seks, fèmen w anndan kay, eks, polisye yo va arete konjwen an. Polisye yo oblije denonse sityasyon an bay Pwokirè a. Si yo pa jwenn kote konjwen an ye lè denonsiyasyon an fèt, polisye yo dwe ale chèche l pou pèmèt ou viv ak sekirite epi pou yo fè l pase devan lajistis.

Polisye yo kapab ofri w òganizasyon pou ede w, tankou CAVAC, yon sant ki la pou ede moun ki sibi zak kriminel, tankou CLSC, epi yo kapab mennen w, si sa nesèsè, nan Kay ebèjman. Yap fè yon rapò pou esplike sa ki pase. Yap mande w ekri yon

deklarasyon. Ou ka ekri l nan lan matènèl ou, sa vle di nan lang ou pale lakay ou. Si w bezwen sa, polisye yo kabab mande yon moun pou tradi pou ou.

Nan tout sitiyasyon kote timoun yo ap wè vyolans oubyen ap sibi vyolans anndan kay yo, polisye a va rapòte sa nan DPJ (Direksyon Pwoteksyon Jenès).

Polisye yo kapab akonpaye w pou ranmase tout zafè pèsònèl ou ki enpòtan tankou paspò, medikaman, liv ak kaye egzèsis lekòl, eks. Apre sa, yap remèt dosye w bay yon anketè. Wòl anketè sa a se pote prèv ki egziste. Li va denonse sitiyasyon an bay yon pwokirè. Se pwokirè a kap pote akizasyon yo. Se li tou kap bay otorizasyon pou kontinye travay sou dosye a.

Si polisye yo te arete konjwen w lè w te fè denonsiyasyon an, yap mennen l nan yon sant detansyon (yon prizon). Yo kapab gade l la jiskaske li parèt devan jij li, oubyen ankò, anketè a kapab libere l. Si yo libere konjwen an, lap oblije respekte kèk kondisyon anvan li prezante devan jij la. Yo kapab mande l pou l pa pale avèk ou, pou l pa pwoche kote w ye, pou l pa pwoche kote w rete.

Lè w fi n parèt devan jij ou, se li kap deside si se pou yo lage konjwen ou, oubyen si se pou l rete nan prizon jiskaske yo fè pwosè l. Lakou va fè w konnen si li libere konjwen w, epi tou lap di w nan ki kondisyon li deyò, epi ki sèvis lajistis kapab ofri pandan tout tan dosye a devan lajistis. Pa pè pale. Gen moun ki la pou akonpayew.

### ***Ø Kòman m ka fè pou m kite l lè m fin siyen yon lwaye pou kay mwen?***

Nan sitiyasyon kote gen vyolans anndan kay, kote sekirite w oubyen sekirite pitit ou pa asire, oubyen ankò si mari w, ansyen mari w oubyen yon lòt moun ap fè kadejak sou ou, ou ka mande kase lwaye a.

Pou l jwenn yon papye nan men ofisyè leta sivil la, lokatè a dwe prezante 3 dokiman sa yo :

1. Yon fòmilè kote li mande yon otorizasyon pou kase yon lwaye poutèt vyolans oubyen kadejak (agresyon seksyèl). Lokatè a dwe fè yon sèman sou sa l mande a. Fòk li ranpli tou yon pati nan fòmilè a ki rele Sèman

oubyen yon Wi Solanèl; epi se pou l prezante l devan yon Komisè kap resevwa Sèman sa a. Lokatè a ak jij la va siyen pati sa a :

<http://www.justice.gouv.qc.ca/francais/publications/generales/bail.htm>

Si lokatè a pa konnen yon Komisè ki resevwa sèman moun, li kapab ale nan Palè jistis ki reskonsab zòn kote li rete a.

2. Yon dokiman ki akonpay demand li a. Se kapab:

- Yon kopi depozisyon li te fè lapolis la;
- Yon dokiman ki sòti nan men yon moun ki gen relasyon ak li oubyen ak yon pitit li ki abite avè l. Moun sa a se kapab:
  - o Yon entèvenan nan yon kay ebèjman,
  - o Yon entèvenan KAVAC,
  - o Yon entèvenan CALACS (Centre d'aide et de lutte contre les agressions à caractère sexuel);
  - o Yon entèvenan ki travay nan yon rezo sante ak sèvis sosyal ( lopital, sant sante ak sèvis sosyal, sant jenès);
  - o Yon doktè oubyen nenpòt ki lòt pwofesyonèl.

3. Yon kopi kontra pou lwaye kay li.

Lwaye kay la kapab kase 2 mwa apre w fin voye yon papyè bay pwopriyetè kay la pou fè l konnen wap kite, oubyen ankò 1 mwa apre, si kontra a te fèt san limit tan, oubyen ankò si l tap dire pi piti pase 12 mwa. Pandan tout tan sa a, ou dwe kontinye peye lwaye w.

**Atansyon** : Se sèlman moun nan ki te siyen kontra lwaye a ki dwe fè demand sa a. Si se pa ou menm, ou gen dwa kite kay la san pwoblèm.

### **Ø Eske m kapab jwenn yon lòjman sosyal?**

Lè w sibi vyolans konjigal, epi si w se yon moun ki gen kalite pou yo kapab admèt ou, li posib pou jwenn yon lòjman sosyal, sa vle di yon kay kote w peye yon tikras lwaye (HLM: Habitation à loyer modique). Lè sa a wap prezante demand ou avèk yon papyè ou resevwa nan men yon kay pou fanm ki sibi vyolans, oubyen nan men yon biwo lapolis, oubyen ankò yon kay rezo sante ak sèvis sosyal. Sa kapab pran ant 3 ak 6 mwa pou w jwenn yon kay. Nan kèk sitiyasyon pi espesyal (pa

egzanp, anpil pitit), tan an kapab pi long. Men gen kèk apatman ki kapab ofri w yon kote pou rete ki gen sekirite, kote yap ba ou sipò ak akonpayman.

Men, pou sa fèt, fòk ou te rete pandan 1 mwa nan yon kay ebèjman. Ou ka rete nan kay sa yo pandan 3 mwa jiska 2 zan.

### ***Ø M pa gen revni, kòman pou m fè pou m achte sa m gen bezwen?***

Gen yon pwogram èd sosyal ki la pou ede w si ou pa kapab reponn a sa w bezwen akòz sitiyasyon finans ou. Wap kapab rentre ladan l dapre lajan ou resevwa, lajan ou gen labank ak tout lòt byen ou genyen. Anplis, si ou oblije kite kay ou pou ale nan yon kay ebèjman, ou gen dwa pou resevwa yon 100 dola chak mwa. Pou mande èd sosyal sa a, fòk ou louvri yon kont pèsònèl labank si ou pa te janm gen yonn.

Si ou te gen yon kont pèsònèl epi si konjwen w konnen mo ou itilize pou rantre sou li (le mot de passe), fòk ou chanje l tousuit. Menm jan tou, si labank te voye yon papye aktivite labank ou te fè sou adrès lakay ou, fòk ou kominike ak li bien vit pou li kapab voye papye sa yo nan yon lòt adrès.

### ***Ø Alokasyon kanadyèn pou timoun (ACE) ak lajan pou soutni timoun kapab edew pou bay pitit ou sa yo bezwen***

Alokasyon kanadyèn pou timoun (ACE) se yon lajan yo bay chak mwa pou fanmiy ki gen nesosite pou resevwa èd pou yo kapab bay pitit yo ki gen pi piti pase 18 an sa yo bezwen. ACE prevwa apeprè 6400 dola pou chak timoun ki gen ant 6 ak 17 an.

Kant a lajan sipò pou timoun yo, se gouvènman pwovensyal la ki bay li chak twa mwa (oubyen chak mwa si fanmi an mande sa). Lajan sa a pa menm pou tout fanmi. Sa depann de kantite pitit yo, de montan lajan paran yo fè chak mwa, eks.

Lè toulede paran yo ap viv nan menm kay, se paran fanm lan ki resevwa lajan swa pou ACE, swa pou sipò timoun yo.

Si w deside kite kay ou poutèt wap sibi vyolans, epi si lajan ou resevwa nan men leta yo te depoze nan yon kont ou gen labank ansanm ak konjwen w, li enpòtan pou fèmen kont sa a byen vit, pou louvri yon kont pèsònèl, epi tou, se pou fè otorite gouvènman yo konnen sa byen vit.

Anplis, paske ou esplike sitiyasyon ou, ou kapab mande toulede otorite gouvènman an, (pwovensyal ak federal) pou yo mete yon mo pas (mot de passe) ki dwe pwoteje dosye ou. Pou jwenn plis rensèyman, ou kapab konsilte sit sa yo :

<http://www.cra-arc.gc.ca/bnfts/ccb/menu-fra.html>

[http://www.rrq.gouv.qc.ca/fr/programmes/soutien\\_enfants/paiement/Pages/paiement.aspx](http://www.rrq.gouv.qc.ca/fr/programmes/soutien_enfants/paiement/Pages/paiement.aspx)

Si se moun wap viv avèk li a ki resevwa lajan yo, se pou telefone tou de otorite gouvènman yo pou esplike sitiyasyon w epi suiv tout chemen ou dwe pou anile sa, pou lajan an kapab depoze nan non pa w.

***Ø M ta renmen separe ak moun map viv avè l la, men m pa konn dwa m epi tou, m pa gen lajan pou m peye yon avoka.***

Nan yon ka separasyon oubyen nan tout lòt ka kote w gen pou pran chemen lalwa, ou kapab gen pou peye yon avoka anpil lajan. Si ou gen kalite pou sa, oubyen si w resevwa èd sosyal, ou kapab resevwa sèvis yon avoka san peye.

Lè sa a, Biwo Èd jiridik la ap konsidere leta finans ou (lajan ou resevwa chak mwa pou travay ou, byen ou genyen, lajan likid ou genyen, eks) ak kantite pitit ou genyen. Nan kèk sitiyasyon, ou gen dwa oblije peye yon ti lajan. Pou jwenn plis ransèyman oubyen pou pran yon premye randevou, se pou telefone nan biwo ki toupre kay ebèjman ki resevwa w la. Pou jwenn nimewo telefòn sa a, se pou al chèche sit komisyon sèvis jiridik (Commission des services juridiques ) :

<https://www.csj.qc.ca/>

Si ou pa gen kalite pou resevwa èd jiridik, epi si ou pa kapab peye yon avoka, ou kapab pran kontak avèk òganizasyon tankou Klinik Jiridik (Juripop). Si w gen kalite

yo mande yo, òganizasyon sa a kapab ba w sèvis yon avoka san ou pa peye anpil lajan.

***Ø Moun map viv avèl la mande m pou nou fè yon separasyon san bri san kont oubyen pou nou wè yon medyatè. Eske m ta dwe asepte sa?***

Nan yon sitiyasyon separasyon oubyen divòs, lalwa mande moun ki marye, moun ki ansanm dapre lalwa oubyen moun kap viv ansanm epi ki gen pitit ansanm, pou yo resevwa sèvis yon medyatè pwofesyonèl. Pandan tan medyasyon an, yo dwe fè diskisyon epi pran desizyon sou tout kesyon tankou divòs, gad timoun, separasyon byen, pansyon pou manje, eks.

Men, si wap sibi vyolans konjigal, lalwa pèmèt ou pa ale nan medyasyon, paske nan sitiyasyon sa yo, moun wap viv avèl la kapab eseye kaponnen w, oubyen fè w menas, yon jan pou w pa resevwa tout sa w gwn dwa. Li posib tou ke ou pa gen kouraj pou mande anyen lè l la. Lè sa a. negosyasyon an pap fèt nan yon anbyans egalego.

Gen de lè ou ta renmen fini byen vit ak tout demach san w pa jwenn okenn pwoblèm, epi regle tout bagay paske w asepte yon medyasyon oubyen jon jan pou tout bagay regle san bwi san kont. **Men fè atansyon. Wè yon avoka. Ou gen dwa epi fòk yo respekte dwa sa yo.**

Si w marye, ou kapab chwazi ant separasyon dapre lalwa (separasyon kò) oubyen divòs. Separasyon kò a pèmèt ou regle kesyon tankou kijan nap gade pitit nou, ki lajan nap separe pou bay timoun yo manje, oubyen ankò kijan nap separe tout byen nou genyen ansanm.

Men separasyon dapre lalwa sa a, pa mete yon bout nan maryaj la, kidonk moun marye yo dwe respekte dwa ak obligasyon yo genyen anndan maryaj. Si w vle konnen plis, ale sou entènèt sou sit sa a: <https://www.educaloi.qc.ca/capsules/la-separation-legale>

Men, si wap viv konsa ak yon moun (conjoint de fait), fòk ou byen konnen lalwa pa pwoteje w nan zafè tankou separe byen, pansyon manje pou timoun. Nan tout sityasyon sa yo, li enpòtan pou w wè yon avoka anvan w pran yon desizyon.

**Ø Li te di m, si m kite l, m pral pèdi tout pitit mwen yo.**

Toulede paran yo egalego devan lalwa. Chak paran gen dwa pou li gade pitit li. Moun kap viv avèk ou a pa kapab kenbe timoun yo ak fòs, menm jan tou, ou pa kapab konprann ke si ou kite l epi ou pran pitit ou avèk ou, wap gen dwa gade yo dapre lalwa. Si w ap sibi vyolans anndan kay, ou kapab kite kay la avèk pitit ou, san w pa mande msye a pèmision. Men ou oblije rete nan Kebèk (Québec).

Li enpòtan pou w al wè yon avoka byen vit pou kapab fè yon demand, sa yo rele yon òdonans (ordonnance de sauvegarde) pou evite yo akize w vòlè timoun. Òdonans sa a se yon desizyon yon jij pran sou kesyon gad timoun. Valè li kapab dire 6 mwa. Li va pèmèt ou pran desizyon sou zafè timoun yo (chanje lekòl, chanje gadri, eks). Apre sa, se yon tribinal kap deside sa ki bon pou timoun yo san li pa gade lajan pèsònèl ou resevwa.

Men si ou pè pou sekirite pitit ou, li enpòtan pou diskite sou sa ak yon avoka. Li kapab mande pou asepte vizit siveye oubyen li kapab mande w pou pran kontak ak DPJ ki la pou ba w sipò.

Fòk ou konnen ke DPJ pa la pou retire timoun yo nan men paran yo, men li la pou ede yo gen sekirite ak bon jan devlopman. Lè w devan avoka w oubyen devan DPJ, fòk ou montre tout rezon ki fè wap viv ak kè sote, epi ki fè w refize pataje gad timoun yo avèk konjwen ou. Tout demach sa yo kapab parèt long epi konplike, se poutèt sa li bon pou pran yon avoka ki kapab ede w pran bon jan desizyon. Fòk ou konnen sa tou, malgre yon anbyan vyolans, yon jij kapab wè li nan enterè timoun nan pou li kontinye wè papa l. Epi jij la kapab deside pou nou separe gad pitit la. Yon kay ebèjman kapab ede w nan tout demach ou, li kapab ba ou plis pwoteksyon si yon papa gen akizasyon vòlè timoun.

**Ø M gen yon kont labank ansanm avèk patnè m; Kisa m dwe fè?**

Lè de moun gen yon kont labank ansanm, yo reskonsab tout dèt ki fèt sou kont sa a. Si younn nan mèt kont la pa peye, lòt la dwe peye nan plas li.

Se poutèt sa, ou ta dwe fèmen kont sa a tousuit lè w fin pati. Men, yon lajan ki depoze nan yon kont de moun louvri ansanm, se lajan tou de moun yo. Se sa ki ba w dwa retire lamwatye ladan l.

Ou ta dwe fè sa tousuit apre w fin kite kay ou, paske li posib pou konjwen w deside pran tout lajan ki sou kont sa a lè ou fin ale. Ou dwe retire lajan sa a nan yon sikisal ki toupre lakay ou, se pou asire sekirite w si w deside ale nan yon kay ebèjman, paske konjwen w kapab mande adrès sikisal bank kote w retire lajan an pou li kapab eseye twouve w.

**Ø M pa sitwayèn kanadyèn, ni rezidan pèmanan. Se sa ki fè kè m pa poze pou m kontinye demach map fè nan imigrasyon, si m kite konjwen m.**

Pou kesyon dosye imigrasyon (refijye avèk yon dosye pou fanmi oubyen moun kap fè demach pou parenaj), gen plizyè sitiyasyon ki kapab prezante, fòk ou ta kominike avèk biwo Citoyenneté et Immigration Canada epi tou, fòk ou ta konsilte biwo Aide Juridique en droit de l'immigration pou byen konnen si ou gen dwa pou jwenn sèvis yon avoka.

Si w se yon refijye, ou kapab mande konsèy bò kote CIUSSS nan Sant Lwès avèk yon Pwogram ki rele Programme régional d'accueil et d'intégration des demandeurs d'asile PRAIDA

Si w deside pati kite kay ou, men lis kèk bagay enpòtan ou dwe pran ak ou:

- Yon doub kle kay ou ak machine ou.
- Kanè ki gen adrès ak tout nimewo telefòn ou itilize
- Pèmi kondwit ou ak sètifika imatrikilasyon w
- Tout dokiman pou idantite pa w ak pa pitit ou : Kat asirans sosyal, paspò, ak de naisans, dosye imigrasyon, eks.
- Kontra maryaj ou;



- Tout kat asirans maladi ak dosye vaksinasyon;
- Kat kredi w, kat debi w, ti liv labank ou, tout dokiman sou ipotèk ou pran oubyen sou lajan ou prete labank;
- Kontra lwaye, Papye kay ou te achte;
- Bilten lekòl avèk diplòm
- Tout sa w posede ki gen valè (tankou bijou) epi tout byen pèsonèl ou;

Si w gen lòt kesyon sou jan wap pati kite kay ou, oubyen sou kijan pou asire sekirite pa w ak pa pitit ou, rele SOS Violence conjugale, entèvenant yo la pou ede w epi pou yo ba ou sipò. Men si ou toujou lakay ou, li enpòtan pou efase sou selilè w tout nimewo telefòn ou fè ak tout òganizasyon ou rele.

Fòk ou byen konnen ke aparèy elektwonik yo kapab montre kote ou ye. Telefòn entelijan yo ak tablèt yo genyen yon GPS (géo positionnement par satellite), ki pèmèt yo montre kote moun kap itilize yo a ye.

Lè yon GPS ap fonksyone, li anrejistre pozisyon egzak chak foto ou pran (gò tag). Dezaktive «jeo lokalizasyon» imaj ki nan aparèy ou yo.

Lè w ap itilize media sosio yo, sa kapab pèmèt plizyè moun jwenn ou. Gade byen pou sa yo rele «géo localisation» an pap fonksyone nan tout aplikasyon sa yo : Facebook, Instagram, Twiter, Snapchat, eks.